

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina enas-enasna, basa jeung sastra mangrupa dua unsur anu teu bisa dipisahkeun dina kabudayaan manusa. Duanana silih lengkepan (méré tur narima), sakumaha nu kungsi diébréhkeun ku Aftarudin (dina Jamaludin, 2003: 31):

“Sastra, suatu komunikasi seni yang hidup bersama bahasa. Tanpa bahasa, sastra tak mungkin ada. Melalui bahasa, ia dapat mewujudkan dirinya berupa sastra lisan maupun tertulis.”

Éta hal luyu jeung wangenan sastrana sorangan anu diébréhkeun ku Iskandarwassid (1992: 135), yén sastra nya éta karya seni anu digelarkeun ngagunakeun alat basa. Minangka karya seni, warnaning karya sastra téh diciptana napak kana usaha ngolah unsur-unsur éstétis (kaéndahan sastra). Jadi, tétéla yén sastra ngajanggélék ngaliwatan médium basa, boh lisan boh tinulis tur mibanda unsur éstétis.

Sastra minangka produk tina proses kréatif anu taya lian ti mangrupa éksprésitas pangarang dina ngagelarkeun karyana boh lisan boh tinulis. Éta betusan-betusan rasa nu ahirna jadi sastra téh diwadahan kana wadah nu dianggap merenah ku sastrawan, nya éta dina warna prosa, puisi, atawa (naskah) drama (Isnendes, 2009: 11)

Sastra Sunda mibanda papasinganan (*penggolongan*; klasifikasi) nu diwengku ku wangun, warna, jeung wanda. Wangun nya éta klasifikasi dumasar kana gunggungan wujudna, warna nya éta klasifikasi dumasar kana période mangsa/waktu sastra gelarna, wanda nya éta klasifikasi dumasar média nu dipaké pikeun nepikeunana. Wangun (karya) sastra Sunda aya tilu rupa, nya éta prosa, puisi jeung drama (Isnendes, 2009: 20).

Numutkeun Sumardjo jeung Saini K.M. (1986: 29), prosa atawa disebut ogé prosa naratif dina hakékatna dibagi jadi tilu “genre”, nya éta novél atawa roman, carita pondok, jeung novélét (novél pondok). Tiluanana miboga unsur-unsur fiksi anu sarua, ngan takeranana béda-béda. Novél nya éta carita winangun

prosa dina ukuran anu lega. Ukuran lega anu dipimaksud bisa dihartikeun carita kalawan plot atawa galur anu kompléks, karakterna réa, témana euyeub, suasana carita jeung séttling carita anu loba wandana. Tapi legana carita téh henteu mutlak kawas kitu, bisa waé anu lega téh ngan ukur salasahiji unsur fiksina waé, upamana témana, sedengkeun karakter, séttling, jeung nu séjénna mah ngan hiji. Tina éta ébréhan disebutkeun yén di antara unsur pangwangun novél aya karakter anu ngawujud dina diri tokoh-tokohna.

Salaku dunya dina wengkuan karya sastra, pangarang ngasupkeun rupa-rupa aspék kahirupan anu ngagambarkeun rupaning raraga kapribadian manusa, anu ngajanggélék jadi tokoh-tokohna. Tokoh anu dicipta ku pangarang miboga muatan kajiwaan anu mangrupa gambaran palaku nu aya di masarakat. Jadi, tokoh dina karya sastra jadi hiji pangwangun karya sastra nu bisa jadi mangrupa ébréhan jiwa pangarangna.

Potrét jiwa para palaku anu dihirupkeun ku pangarang, salian ti ngawakilan jiwa pangarangna sorangan, ogé bisa jadi ngawakilan jiwa nu séjénna, dina ieu perkara nya éta nu maca. Teu saeutik pangarang anu ngasupkeun pangalamanana sorangan dina karyana, anu ogé sarua dialaman ku nu séjénna (Minderop, 2010: 59).

Demi tokoh jeung penokohan mangrupa hal anu penting dina hiji karya, sabab jadi ‘motor penggerak’ carita. Ku kituna, wajar upama dina hiji pamarekan sastra disebutkeun yén tokoh jeung penokohan bisa dijadikeun puseur implengan dina nganalisis, nya éta pamarekan psikologi sastra. Ieu hal luyu jeung pamadegan Ratna (dina Minderop 2010: 54), yén dina hakékatna psikologi sastra méré perhatian kana masalah unsur kajiwaan tokoh-tokoh fiksional anu aya dina karya. Dina enas-enasna, psikologi gumelar pikeun nganutolaah kajiwaan manusa, sedengkeun sastra mangrupa hasil karancagéan manusa (pangarang), tur pangarang hirup di tengah-tengah masarakat, sarta pangarang nyipta karyana nu ngalibetkeun tokoh dina karyana.

Aya tilu cara pikeun mikanyaho kumaha patalina psikologi jeung sastra, nya éta: a) mutolaah unsur-unsur kajiwaan pangarang salaku nu nyipta karya; b) mutolaah unsur-unsur kajiwaan tokoh-tokoh fiksional dina karya sastra; jeung c)

mutolaah unsur-unsur kajiwaan pamaca. Dina enas-enasna psikologi sastra leuwih nyoko kana masalah ngamutolaah unsur-unsur kajiwaan tokoh-tokoh fiksional dina karya sastra (Ratna, 2009: 343).

Ku ayana patula-patalina antara aspék psikologis jeung karya sastra kalawan unsur tokoh jeung penokohanana, dirasa merenah saupama novél dianalisis sacara psikologis ku sabab dina novél euyeub ku tokoh jeung penokohan sarta euyeub ku karakter kapribadian tokohna nu mangrupa aspék kajiwaanana.

Ku kituna, merenah pisan upama diayakeun panalungtikan ngeunaan hiji karya sastra wangun prosa (novél) anu judulna *Patepung di Bandung* karangan Taufik Faturohman. Ieu analisis ngagunakeun pamarekan psikologi sastra. Ieu pamarekan suméndér kana tiori psikologi Sigmund Freud (1856-1939) anu leuwih nyoko kana nganalisis tokoh tur penokohan dina karya sastra dumasar kana tiori tur hukum-hukum psikologi anu ngébréhkeun paripolah tur karakter manusa (Wiyatmi, 2006: 107).

Nepi ka kiwari, aya sababaraha panalungtikan anu sawanda jeung ieu panalungtikan anu kacatet di ruang baca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, nya éta nganalisis hiji karya ngagunakeun pamarekan psikologi sastra, di antarana:

- 1) Tatang. 2002. *Analisis Tokoh dina Kumpulan Carita Pondok Lalakon Bingbang Karangan Dian Hendrayana pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SLTP.*
- 2) Andriany. 2005. *Sawangan Psikoanalisis kana Novél Pangantén Karya Deden Abdul Aziz.*
- 3) Hapitasari. 2005. *Aspek Psikologis Carpon Sintung Kalapa Karya Iskandarwassid.*
- 4) Perdiwan. 2006. *Kajian Psikoanalisis dina Novel Tempat Balabuh Karangan Aam Amilia.*
- 5) Gugun Dedi Guntara. 2008. *Tokoh Novél Pipisahan Karya RAF (Kajian Psikologis Humanistik).*

- 6) Rida Lela Meiwindra. 2011. *Ulikan Psikologis kana Novél Budak Teuneung Karangan Samsudi pikeun Bahan Pangajaran Nyarita di SMP.*

Sanajan ieu panalungtikan sawanda jeung panalungtikan nu geus disebutkeun, tapi dina enas-enasna aya bédana, nya éta karya sastra nu dianalisisna jeung ambahan analisisna. Subjék ieu panalungtikan nya éta novél *Patepung di Bandung* karangan Taufik Faturohman. Analisisna nyoko kana analisis karya sastrana, anu dianalisis dumasar kana tiori kapribadian Sigmund Freud.

Nganalisis tur nganutolaah ieu novél ngagunakeun pamarekan psikologi sastra mangrupa salasihiji tarékah pikeun nyumponan pangabutuh masarakat dina hal papahaman karya. Sabab dumasar kana pamadegan Esten dina bukuna *Kasusastraan Pengantar Teori & Sejarah* (2000: 32), dina kahirupan kasusastraan Indonésia, salila ieu dianggap aya *gap* (jurang pamisah) antara sastrawan (kalawan cipta sastrana) jeung masarakat pamacana. Para sastrawan jauh ti masarakatna, nepi ka masarakat miboga ukuran-ukuran anu salah ngeunaan karangan-karangan anu geus dibaca. Alatan kitu, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi hiji salasihiji rawayan pikeun ngantengkeun hubungan antara sastrawan katut cipta rasana jeung masarakat pamacana.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Karya sastra nyoko kana karya tinulis jeung lisan nu bahan bakuna (média ciptana) basa nu has; ambigu; homonim; mibanda katégori-katégori tan aturan; acak; teu rasional; jeung asosiatif (konotatif). Salian ti éta, disebutkeun yén sipat-sipat sastra téh matok kana fiksionalitas, ciciptan, jeung imajinatif. Di sagigireun ti éta, karya sastra boh prosa boh puisi, ogé drama tinangtu miboga unsur-unsur pangwangunna sakumaha anu diébréhkeun ku Stanton dina Isnendes (2010: 35), yén karya fiksi diwangun ku unsur-unsur: 1) téma carita; 2) fakta carita (alur, tokoh, latar); jeung 3) sarana carita (sudut pandang, gaya basa jeung suasana, simbol-simbol, imaji, judul).

Novél mangrupa karya sastra wangun prosa anu miboga unsur-unsur pangwangunna. Tokoh jeung penokohan mangrupa salasihiji unsur pangwangunna anu bisa dianggap salasihiji anu pangpentingna. Sok komo upama ditilik tina pamarekan psikologi sastra anu neundeun puseur implengan kana unsur kajiwaan dina tokoh-tokohna.

Istilah psikologi sastra miboga opat kamungkinan sakumaha anu diébréhkeun ku Renne Wellek & Austin Werren (1989: 90), nya éta: (1) studi psikologi pangarang salaku tipe atawa pribadi; (2) studi prosés kréatif; (3) studi tipe jeung hukum-hukum psikologi anu diterapkeun kana karya sastra; jeung (4) studi psikologi pamaca (dampak sastra ka nu maca).

Tapi dina ieu panalungtikan, supaya ambahanana henteu lega teuing, diwatesanan ngan kana aspék nu katilu, nya éta studi tipe jeung hukum-hukum psikologi anu diterapkeun kana karya sastra.

1.2.2 Rumusan Masalah

Sabadana diidentifikasi, masalah anu baris ditalungtik diwangun dina kalimah tanya ieu di handap.

- 1) Kumaha unsur-unsur prosa (téma jeung fakta carita: plot, sétting, tur tokoh jeung penokohan) novél *Patepung di Bandung* karangan Taufik Faturrohman?
- 2) Kumaha émosi tokoh-tokoh dina novél *Patepung di Bandung* karangan Taufik Faturrohman?
- 3) Kumaha interprétasi struktur kapribadian tokoh-tokoh dina novél *Patepung di Bandung* karangan Taufik Faturrohman?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tujuan anu baris dihontal sabadana diayakeun ieu panalungtikan nya éta ngadéskripsikeun novél anu judulna *Patepung di Bandung* karangan Taufik Faturrohman kalawan ngagunakeun pamarekan psikologi sastra.

1.3.2 Tujuan Husus

Luyu jeung kasang tukang anu geus diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun medar tur ngaguar novél *Patepung di Bandung* karangan Taufik Faturohman anu ngadéskripsikeun:

- 1) unsur-unsur prosa (téma jeung fakta carita: plot, sétting, tur tokoh jeung penokohan) novél *Patepung di Bandung* karangan Taufik Faturohman;
- 2) émosi tokoh-tokoh dina novel *Patepung di Bandung* karangan Taufik Faturohman; jeung
- 3) interprétasi struktur kapribadian tokoh-tokoh dina novél *Patepung di Bandung* karangan Taufik Faturohman.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun hiji référénsi pikeun ngeuyeuban karya kritik dina hasanah kasusastraan Sunda. Salian ti éta ogé bisa dijadikeun hiji acuan pikeun panalungtikan anu leuwih jembar deui.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu hasil panalungtikan dipiharep bisa dimangpaatkeun salaku hiji média informasi dina raraga nambahan pangaweruh hususna masarakat pamaca, boh masarakat biasa boh masarakat kalangan akademisi, sakumaha anu diébréhkeun dina kasang tukang ieu panalungtikan nya éta pikeun jadi salasihiji rawayan anu ngantengkeun hubungan antara sastrawan katut cipta sastrana jeung masarakat pamaca dina hal papahaman karya sastra. Éta hal luyu jeung salasihiji fungsi kritik sastra, nya éta pikeun nyaangan kaweruh masarakat, hartina kritik sastra bisa ngabéjérbéaskeun hiji gunggung karya sastra tur masarakat umum bisa nyokot mangpaat kritik sastra pikeun pamahaman jeung aprésiasi kana karya sastra.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina hiji panalungtikan miboga fungsi pikeun méré gambaran ngeunaan léngkah-léngkahna. Anapon raraga tulisan dina ieu panalungtikan, nya éta saperti ieu di handap.

BAB I: Bubuka

Bab 1 mangrupa bagian awal atawa munggaran dina ieu karya tulis wangun skripsi anu eusina ngawengku kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

Dina ieu panalungtikan, Bab I medar kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan jeung mangpaat panalungtikan anu patali jeung jejer panalungtikan nya éta “Novel *Patepung di Bandung* Karangan Taufik Faturohman: Tilikan Psikologi Sastra.”

BAB II: Kajian Pustaka

Kajian pustaka miboga fungsi salaku dadasar tioritis anu ngarojong kana masalah anu dipedar dina hiji panalungtikan, anu eusina nya éta: a) konsep-konsep/tiori-tiori/dalil-dalil tur hukum-hukum ngeunaan widang anu ditalungtik; jeung b) panalungtikan saméméhna anu luyu jeung widang anu ditalungtik, kaasup prosedur, subjék jeung pamanggihna.

Dina ieu panalungtikan, kajian pustaka anu dipedar patali jeung jejer panalungtikan anu ditalungtik, nya éta ngeunaan wangenan, ciri-ciri, jeung jenis-jenis novél, unsur-unsur prosa Robert Stanton, psikologi jeung sastra, psikologi sastra, sastra jeung tiori Sigmund Freud, psikologi kapribadian, tiori kepribadian psikoanalisis Sigmund Freud jeung klasifikasi émosi.

BAB III: Méthode Panalungtikan

Bab III eusina mangrupa pertélaan ngeunaan méthode panalungtikan, kaasup sababaraha komponén, saperti: a) desain panalungtikan; b) méthode panalungtikan; c) wangenan operasional; d) sumber data; e) instrumén panalungtikan; jeung f) téhnik panalungtikan.

BAB IV: Hasil Panalungtikan jeung Pembahasan

Bab hasil panalungtikan jeung pembahasan eusina nya éta ngeunaan: a) ngolah atawa nganalisis data pikeun nyangking hasil anu patali jeung masalah panalungtikan, pertanyaan panalungtikan, tujuan palnalungtikan; jeung b) pembahasan atawa analisis hasil anu kapanggih.

Dina ieu panalungtikan, dibahas tur dianalisis sakur hasil anu kapanggih ngeunaan gejala psikologi sastra anu kawengku dina tokoh tur penokohan dina novel *Patepung di Bandung* karangan Taufik Faturohman.

BAB V Kacindekan jeung Saran

Bab kacindekan jeung saran nétélakeun penafsiran tur pema'naan panalungtik ngeunaan hasil analisis panalungtikan. Kacindekan dina ieu panalungtikan ditulis dumasar hasil analisis kana novél *Patepung di Bandung* karangan Taufik Faturohman kalawan gejala psikologi sastrana.

Saran atawa rékoméndasi disusun pikeun pihak-pihak anu patali jeung hasil panalungtikan anu geus dicangking. Dina ieu panalungtikan, saran ditulis pikeun masarakat pamaca salaku penikmat karya sastra, pangarang salaku nu nyipta karya sastra, ogé lembaga anu patali jeung kamekaran paélmuan sastra tur pikeun panalungtik séjénna.